jika kita ingin rasclok (sekilat saja  
sampai),

walaupun diduduki oleh orang orang  
sekampung,  
akan dapat terbawa oleh kulit ini,  
ke manapun yang dituju,  
hanya dalam sekejap mata saja  
sampai,  
demikian yang sebenarnya,

ari panah saupama ari aya musuh,  
dipahakeun bae gasik,  
bijil tawon rebu,  
anu sok nyareureund matih,  
engang tiwuan nyaroco.

yula keti malah datang ka maliun,  
panahna sak balik deui,  
eta kitu kaulanun,  
ari anu hiji deuni,  
enya eta ieu bokor.

saupana urang dina tempat pupun,  
dahga sakabeh perjurit,  
hanyang nyatu hayang nginum,  
urang menta bac gasik,  
hadaharan tina bokor.

najam balad bayuta keti maliun,  
moal kakurangan rijki,  
sayaktosna eta kitu,  
hasiatna enggeus pasti,  
Barahma emut ngawaton.

adapun panah ini bilamana saja ada  
musuh, segera dipanahkan saja,  
akan keluarlah tawon beribu ribu,  
yang sengatannya dapat membina-  
sakan,  
lebah-lebah itu akan menyengat,

berjutaan berketian bahkan bermi-  
lyaran,  
panah itupun akan kembali lagi  
kepada yang punya,  
nah demikianlah tuan,  
adapun benda yang satu lagi, tiada  
lain adalah bokor ini,

scandainya kita dalam perjalanan  
pe-rang,  
semua perjurit menderita haus dan  
lapar,  
ingin makan dan minum, kita seg-  
era minta saja,  
serba makanan dari dalam bokor,

walaupun jumlah perjurit berjuta  
berketi bermilyar,  
tiada akan kekurangan rizki,  
demikianlah kegunaan sebenarnya,  
khasiatnya sudah pasti,  
Barahma menjawab sambil  
tersenyum.

kieu bae ayeuna mah lamun kitu,  
sangkana ngajadi rapih,  
panah teh paburu-buru,  
dipanahkeun ke ku kami,  
saha anu heula nyokat.

enya eta anu boga milih tangtu,  
jin anu dua teh muni,  
bener eta lamun kitu,  
haya ayeuna mah adi,  
urang nu paboro-boro.

Gancang mentang Barahma sarta  
jeung emut,  
bari ngaharewos leutik,  
jig sia panah ka ditu,  
geus ka ditu balik deui,  
ka aing ulah rek paho.

Enggeus siet jangparing dilepas  
jauh,  
berebet anu dua jin,  
jang pairing teh pada muru,  
jin anu dua Impat tarik,  
eta tu ning paboro-boro.

Bila demikian begini saja akan  
kuputuskan,  
agar kalian menjadi hidup berbaik-  
baik,  
kalian berdua memburu panah,  
aku akan memanahkannya,  
barang siapa pertama kali mengam-  
bilnya,

Nah dialah yang pasti memperoleh  
nasib baik,  
kedua jin itupun berbicara,  
benarlah setuju kalau begitu,  
adikku marilah sekarang juga,  
kita saling berlomba.

Segera Barahma membentang  
panah dengan senyum,  
seraya berbisik perlahan-lahan,  
wahai panah pergilah engkau  
kesana,  
sesampainya di sana engkau balik  
lagi, kembali kepadaku jangan  
sampai lupa,

Melesatlah anak panah itu melay-  
ang jauh,  
larilah kedua jin itu,  
mereka berlomba mengejar anak  
panah,  
kedua jin itu lari dengan derasnya,  
mereka saling mempercepat keja-  
rannya,

jin ka ditu jamparing torojol cun-  
duk,  
ku barahma geus dicangking,  
Barahma tuluy ngadawuh,  
hayu kulit urang indit,  
itu kana leuweung langgong.

### *SINOM*

Kacarita jang Barahma,  
enggeus dina leuweung kai,  
tara kaambeu ku jalma,  
calikna handapeun kai,  
kai gede liwat saking,  
gedena sagede saung,  
jang Barahma hanteu uninga,  
yen gorowong eta kai,  
kira-kira bisa asup kuda opat,

jang Barahma sasauran,  
bari nyarande ngalengis,  
poka euh badan euh nyawa,  
boga jimat ge teu hasil,  
sabab tangtuna dipeuncit,  
ku satu Hayatunupus,  
nu dijero awas pisan,caringkak  
ceulina rebing,  
ber lalumpat meak meakeun ta-  
naga.

Sampailah jin ke tempat tiba  
jatuhnya anak panah,  
namun akan panah itu telah berada  
di tangan Barahma,  
lalu barahma berkata,  
mari kulit mari kita pergi,  
ke mana kerimba belantara,

### *SINOM*

Menurut ceritera bahwa Barahma,  
sampailah sudah di hutan kayu itu,  
tidak pernah ditempuh manusia,  
duduklah ia dibawah sebuah pohon  
kayu,  
pohon kayu itu teramat besar,  
kira-kira sebesar dangau,  
Barahma tidak mengetahui sesuatu,  
bahwa kayu itu bergeronggang  
besar,  
kira-kira muat empat ekor kuda  
besarnya.

Barahma berkata kepada dirinya  
sendiri,  
seraya bersandar mengeluh,  
ujarnya oh badan oh nyawa,  
memiliki azimatpun tiada guna,  
sebab sudah tentu calon dipenggal  
atas perintah raja Hayatunupus,  
yang berada di dalam melihat san-  
gat jelas,  
terperanjat dengan telinga melebar,  
lalu melesat berlari sekuat tenaga.

Horeng eta jalma dua,  
anu maling jimat gusti,  
ngaran si Badan si Nyawa,  
ujang Barahma nguriding,  
ngurihingan eta kai,  
ningal sabeulah ti kidul,  
pek nempo ujang Barahma,  
hana eta jero kai,  
bet ngagebur sihoreng teh jolang  
tea.

jang Barahma suka manah,  
rehna jolang gfeus kapanggih,  
tatapina teu dicandak,  
kocap jang Barahma mulih,  
caturkeun bae geus sumping,  
jeung si Abdul geus patepung,  
si Abdul kaget kacida,  
geuning akang mulih deui,  
cing kumaha akang teh,

jang Barahma ngawalonan  
aya pangesto kang rayi,  
mangga ayeuna mah,  
urang ngadeuheus ka gusti,  
gancangna ti dinya indit,  
cunduk ka payuneun raja,  
enggal sang raja ngandika,  
maha Abdul etat teuing,  
Abdul nyembah ulah bendu  
kangjeng raja.

Ternyata mereka manusia rua orang,  
merekalah yang mencuri azimat  
sang raja,  
masing-masing bernama si Badan  
dan si Nyawa,  
Barahma berkeliling,  
mengelilingi pohon kayu itu,  
ia melihat di sebelah Selatan,  
lalu Barahma memandang,  
melihat ke dalam pohon kayu itu,  
tampak bersinar-sinar ternyata ad-  
lah tempayan emas.

Barahma merasa gembira,  
bahwa tempayan itu sudah  
ditemukan,  
tetapi tidak langsung diambil,  
pendek ceritera pulanglah Barahma,  
sampailah kembali pulang,  
telah bertemu dengan si Abdul,  
si Abdul teramat kaget,  
mengapakah kakak pulang kembali,  
dan apakah kakak telah mendapat  
petunjuk,

Barahmapun memberi jawaban,  
ada keselamatan atas doa adikku,  
sekarang silahkan saja,  
kita menghadap baginda,  
singkatnya merekapun berangkat-  
lah,  
sampailah dihadapan sang raja,  
lalu sang rajapun berkata,  
mengapa engkau sangat terlambat  
Abdul,  
Abdulpun menyembah mohon  
baginda jangan murka.

pendekna mah kangjeng raja,  
ulah rek salempang galih,  
sabot aya pun lan ceuk mah,  
mangga dawuhan ku gusti,  
rek miwasang naon deui,  
sang ratu tuluy ngadawuh,  
Abdul kami kapalingan,  
jolang emas jimat Nagri,  
kudu panggih mun hanteu panggih  
cilaka.

maneh moal boga badan,  
jeung nyawa pon kitu deui,  
mangga akang gasik-gasik,  
anu maling geura sebut,  
jang Barahma cendok nyembah,  
manawi teu salah gusti,  
anu maling ngaran si Badan si  
Nyawa.

ari si Badan si Nyawa,  
eta estu abdi gusti,  
jalmana mah moal aya,  
kantenan kabur mun gusti,  
ari barangna mah gusti,  
eta hanteu dibawa kabur aya di  
leuweung gerotan,

Pendeknya agar baginda,  
jangan merasa khawatir,  
selama kakaku masih ada,  
silahkan tanya saja oleh baginda,  
akan bertitah apa lagi,  
lalu sang raja angkat bicara,  
Abdul kini aku sedang kehilangan,  
tempayan emas azimat negara,  
harus dapat ditemukan kembali, bila  
tidak akan mendapat celaka.

Engkau tidak akan mempunyai  
badan lagi,  
dan nyawapun demikian juga,  
si Abdul berkata kepada kakaknya,  
ada-ada saja,  
kita bakal minum kopi lagi di  
warung,  
silahkan saja kakak cepat-cepat  
pencurinya segera sebutkan,  
Barahmapun lalu menghatur sem-  
bah,  
ampun baginda barangkali saja tidak  
keliru,  
yang mencurinya adalah si Badan  
dan si Nyawa.

Adapun si Badan dan si Nyawa itu,  
mereka itu sebenarnya, abdi bag-  
inda,  
mereka tidak akan ada,  
tentulah melarikandiri demikianlah  
baginda,  
adapun barangnya yang dicuri,  
benda itu tidak dibawa lari,

disumputkeun jero kai,  
kai panggede gedena,  
kai gedé jeung garowong dijerona.

kai panggede gedena,  
taya dua tilu kai,  
mangga geura miwarangan,  
mun teu panggih abdi peuncit,  
nyembah si Abdul ka gusti,  
permisi ngigel kulamun,  
si Abdul engklak-engklak,  
sang raja ngalahir deui,  
dawuhanan kami teh percaya pisan.

si Badan si Nyawa,  
eta urut jongos kami,  
eta ku kami dilepas,  
sabab cecere med teuing,  
ayeuna mah gasik-gasik,  
upas buru mawa batur,  
saratna tarumpak kuda,  
buru kana leuweung kai,  
upas nyembah opatan tarumpak  
kuda.

ada terletak dalam hutan belantara,  
disembunyikan di dalam pohon  
kayu,  
pohon kayu besar dengan lubang  
ge-ronggang di dalamnya.

Pohon kayu yang paling besar,  
tiada dua tiga pohon kayu,  
silahkan segera bertitah,  
andaikan tiada dapat diketemukan  
penggallah hamba,  
si Abdulpun menyembah kepada  
ba-ginda,  
mohon izinnya berjoget karena suka  
hati,  
maka si Abdulpun jogetlah,  
sang rajapun berkata,  
sabda baginda aku sangat percaya.

Si Badan dan si Nyawa itu,  
mereka adalah bekas pelayanku,  
mereka keduanya telah kupecat ,  
sebab sangat panjang tangan,  
sekarang segera saja,  
upas cepat bawa teman-teman,  
dan berkudalah,  
cepatlah menuju hutan kayu itu,  
opas berempat menyembah da naik  
kudalah.

ber balap opas opatan,  
datang eta kana kai,  
sidik yen tetela aya,  
jolangna teh di jero kai,  
upas geus baralik deui,  
cunduk ka payeuneun ratu,  
kaget pisan kangjeng raja,  
teu pisan geseh sautik,  
jang Barahma ku sang raja diusa-  
pan.

Sarta dipaparin uang,  
lobana sarebu rispis,  
dawuhanana sang raja,  
seg Abdul gera baralik,  
Barahma nyembah ka gusti,  
tigas pangandika ratu,  
si Abdul mah hanteu nyembah,  
ridu sim abdi mah gusti,  
rek nyembah teh ieu jeung manggul  
deui.

Abdul Barahma geus mulang,  
kocap ka imahna nepi,  
bapa Abdul kaget pisan,  
ningal pirang pirang duit,

Keempat opas melaju bersaing  
cepat,  
sampailah mereka ke pohon kayu  
yang dituju,  
jelas bahwa benda itu ada,  
tempayan itu berada dalam lubang  
pohon kayu,  
opas sudah kembali lagi,  
tiba dihadapan raja,  
sri baginda sangat kaget,  
tiada berbeda sedikitpun,  
Barahma diusap-usap oleh baginda.

Serta diberinya uang,  
jumlahnya seribu rispis,  
ujar sri baginda,  
silahkan Andul segera pulang saja,  
Barahma menyembah kepada bag-  
inda,  
segalasabda raja akan hamab ker-  
jakan,  
adapun Abdul tidak menyembah,  
hamamba repot dengan bawaan,  
bagaimana menyembah sambil me-  
manggul uang ini.

Abdul dan Barahma telah pulang,  
diceriterakan mereka sudah sampai  
ke rumahnya,  
bapak Abdul sangat kaget,  
melihat uang yang sedemikian ba-  
nyaknya,

ayeuna katunda deui,  
sang ratu Hayatunupus,  
aya deui anu kocap,  
raja sebrang anu kawarti,  
langkung sugih ngereh salawe  
nagara.

maha raja Nusantara,  
kagungan samangka goib,  
ari eta teh samangka,  
kabehna ngan dua siki,  
eta samangka nu leutik,  
sikina teh aya tujuh,  
ari anu gede samangka,  
eusina ngan tilu siki,  
kanjeng raja kersana rek tataruhan.

Ka nagara Tujung Alam,  
rehna baga nujum sidik,  
lamun kateguh samangka,  
seja masrahkeun nagari,  
najan anu salawe nagari,  
tarima kabawah ratu,  
nun samangka teu kataroh,  
raja Tujung Alam misti,  
kudu taluk urang moal mundu  
peurang.

sekarang ceritera ditunda lagi,  
yaitu yang mengenai raja Hayatun-  
upus.,  
ada lagi lainnya yang diceriterakan,  
kini raja sebrang yang dipaparkan,  
lebih kaya lagi membawahi duapu-  
luhlim negara bawahan.

Maharaj Nusantara,  
mempunyai semangka ajaib,  
adapun semangka itu,  
semuanya hanya ada dua buah,  
sebuah yang kecil,  
mengandung tujuh buah biji,  
sedangkan semangka yang besar,  
mengandung tiga buah biji,  
baginda bermaksud bertaruh.

Ingin bertaruh dengan negara  
Tujung Alam,  
karena negar itu nyata mempunyai  
peramal,  
andaikata dapat menerka semangka  
itu,  
akan memasrahkan negara,  
demikian juga yang duapuluh lima  
negara bawahannya,  
menerima dikuasai raja,  
bilamana semangka itu tidak dapat  
diterka,  
raja Tujung Alam menerima keharu-  
san,  
harus takluk, dan kita akan mundur  
perang.

## DURMA

Kacarita maha raja Nusantara,  
mepek bala prajurit,  
kersana rek jengkar,  
ka nagara Tujung Alam ,  
sadia pakakas jurit,  
sawadya bala,  
biasa anu rek jurit.

Kocap jengker nitih kapal geus  
balayar,  
mandeg tengahing jaladri,  
kangjeng raja enggal,  
miwarang hiji ponggawa,  
mawa surat ka nagari,  
ka Tujung Alam,  
kacapkeun ponggawa sumping.

ka payeuneun maha raja Tujung  
Alam,  
sri maha raja ngalhir,  
tatmu ti mana,  
ponggawa enggal dat nyembah,  
ngabantu surat,  
ti maha raja Nusantara.

## DURMA

Terceriterakanlah maharaja Nusan-  
tara,  
mempersiap-siagakan bala prajurit,  
maksudnya akan berangkat,  
ke negara Tujung Alam.  
siap sedia perkakas perangnya,  
sebanyak bala perajurit,  
sebagaimana halnya yang akan  
berpe-rang.

Kisahny baginda mempergunakan  
kapal dan berlayarlah,  
nerhentilah tak perduli laut,  
segera sri baginda,  
mengutus seorang pengawasnya,  
membawa surat ke negara itu,  
ke Yujung Alam,  
terceriterakan penggawa itupun  
telah sampai.

menghadaplah kepada sri baginda  
Tujung Alam,  
sri bagindapun bersabda,  
tetamu dari manakah gerangan,  
secepatnya penggawa itu menyem-  
bah,  
hamba mendapat kehormatan bag-  
inda,  
membawa surat,  
dari baginda raja kami wahai ba-  
ginda.

Enggal bae surat ku raja dicandak,  
lajeng diaos sakali,  
yen kitu unggelna,  
eta ngajah tataruhan,  
dawuhan sri maha gusti,  
eta mas panggawan,  
unjukan bae ka gusti.

yen kaula nyuhimkeun tempo sake-  
dap,  
karana kula rek mikir,  
saminggu elatna,  
mas ponggawa cedik nyembah  
tigas pangandika gusti,  
ponggawa mulang,  
kocap kana kapal sumping.

Unjukan yen kitu dawuhan raja,  
mudut tempo bade mikir heula,  
tunda anu di kapal,  
nyaritakeun Tujung Alam,  
susah lain leutik-leutik,  
kitu petana,  
Sundana diajak jurit.

Segeura surat itu diambil sang raja,  
langsung saja surat itu dibacanya,  
bahwa demikian isinya,  
mengajak untuk bertaruh,  
lalu sabda baginda,  
begini wahai penggawa utusan,  
sampaikan saja kepada raja tuan.

Bahwa aku minta waktu sebentar,  
karena aku akan berfikir dahulu,  
paling tidak seminggu lamanya,  
sang penggawa utusan langsung  
menyembah,  
sebagaimana sabda paduka hamba  
laksanakan,  
penggawa itupun segera beranjak  
pulang,  
selanjutnya tibalah di kapal.

Ia menyampaikan demikianlah  
jawaban raja,  
meminta waktu untuk berfikir ter-  
lebih dahulu,  
Tunda dahulu kisah yang berada di  
kapal,  
kini menceritakan di Tujung  
Alam,  
raja merasa susah yang tidak kepal-  
ang,  
demikianlah hal ikhwalnya,  
menurut falsafah Sunda berarti  
diajak berperang.

mun teu wani kudu taluk ka ma-  
nehna,  
ratu nyaur upas gasik,  
upas gancang-gancang,  
si Abdul ayeuna teang,  
cedak nyembah upas indit,  
kocapan datang,  
Abdul Barahma keur calik.

pokna upas ujang disaur ku raja,  
Abdul Barahma arindit,  
datang ka sang raja,  
Abdul Barahma nyarembah,  
dawuhan sri maha gusti,  
ujang ayeuna,  
nu matak disaur gasik.

mama meunang kasusah kabina-  
bina,  
kangjeng raja Nusantara,  
geus ngantos di kapal,  
eta ngajak tataruhan,  
samangka ngan dua siki,  
mun teu kataroh,  
eta urang kudu ngabdi.

Apabila tidak sanggup berarti harus  
takluk kepadanya,  
rajapun segera memanggil opas,  
opas harus secepat-cepatnya,

sekarang juga si Abdul harus di-  
panggil,  
opas menyembah segera berangkat,  
lalu datanglah ke rumah tujuan,  
Abdul dan Barahma sedang duduk  
santai.

Iapun segera berkata buyung kalian  
diminta datang oleh raja,  
Abdul dan Barahmapun segera ber-  
angkat,  
tibalah di hadapan sang raja,  
Abdul dan Barahma menyembah,  
sabda sri baginda,  
adapun kalian sekarang,  
diminta segera datang.

Ayahanda ini mendapat kesusahan  
yang luar biasa,  
baginda raja Nusantara,  
sudah menunggu-nunggu di  
kapalnya,  
beliau mengajak bertanding ta-  
ruhan,  
mengenai semangka yang jum-  
lahnya hanya dua buah,  
andai kata tidak dapat terterka,  
berarti kita harus mengabdi  
kepadanya.

mun kataroh teh untung kacida,  
manehna ka urang ngabdi,  
mangka eta raja,  
aya salawe nagara,  
anu anut ka santari,  
sakebeh pasrah,  
malah sapangeusi Nagri.

Dipasrahkeun garwa putra sadaya,  
matakmana susah leuwih,  
tah kitu petana,  
jang Barahma cedok nyembah,  
gusti ulah susah teuing,  
abdi tempoan,  
rek mikir gusti sawengi.

dawuh ratu sukur mun kitu mah  
ujang,  
pek bae geura marulih,  
Abdul Barahma nyarembah,  
geus mundur ti payun raja,  
kocap jang Barahma deui,  
dina wengina,  
pupulih turun ka cai,

Andaikata dapat diterka teramat un-  
tung,  
beliau akan mengabdikan kepada kita,  
justu raja itu kedaulatannya,  
ada duapuluh lima negara bawahan,  
yang tunduk kepada Nusantara,  
semuanya pasrah,  
bahkan seisi negara.

Dipasrahkan anak istri semua,  
itulah sebabnya merasa sangat  
susah,  
nah demikianlah keadaannya,  
Barahma segera bersembah,  
baginda janganlah terlalu bersedih  
hati,  
berilah hamba waktu,  
hamba akan berpikir selama sema-  
lam.

Sabda baginda bila demikian sukur-  
lah buyung silahkan saja segera  
pulang,  
Abdul dan Barahma menyembah,  
mundur sudah dari hadapan raja,  
kisah Barahma lagi,  
pada malam harinya,  
ia mengatakan akan turun ke ari  
(jamban).

ari datang ka luar ujang Barahma,  
pokna kulit tawa aing,  
ka ditu ka kapal,  
kapal raja Nusantara?  
nu aya tengah jaladri,  
jeung aing menta,  
asup kana kolong katil.

baseuh keneh sasauran jang Ba-  
rahma,  
geus ngahekok kolong katil,  
dumadak istri-istrina,  
duh gusti bendara,  
mugi ulah ujub teuing.

garwa putra bet dianggo tataruhan,  
supamana kalah gusti,  
abdi pindah raka,  
enggeus puguh mun Nagara,  
sareng anu salawe Nagri,  
dalih dunungan,  
ka Tujung Alam Nagari.

Setibanya Barahma di luar,  
segera ia berkata kulit bawalah aku,  
ke sana ke kapal itu,  
kapal raja Nusantara,  
yang sedang berada di tengah laut  
itu dan akau minta segra,  
dimasukkan di bawah ranjang  
tempat tidurnya,

masih basah bibir Barahma me-  
ngucapkan itu,  
ternyata ia sudah berada di bawah  
tempat tidur,  
kebetulan istri-istrinya di saat itu,  
mereka berbincang-bincang dengan  
sang raja,  
ujar sang istri raja,  
aduhai baginda junjunganku,  
mohon jangan terlalu mem-  
banggakan diri,

mengapakah anak istri dijadikan  
benda bertaruh,  
andaikata baginda kalah,  
daku menjadi pindah suami,  
sudah jelas negara,  
bersama duapululuh negara  
bawahan,  
berpindah majiakan,  
ke negeri Tunjung Alam.

Dawuh ratu alah ma enya kataroh,  
ieu samangka teh nyai,  
sab gaib kacida,  
ari anu gede samangka,  
eusina ngan tilu siki,  
ari anu leutik mah,  
eusina teh tujuh siki.

eta kitu goibna ieu samangka,  
saha anu bisa naksir,  
ujang Barahma tetela,  
tina kolong katil tea,  
samangka katingali,  
pok sasauran,  
dina sajaroning ati.

kulit balik ayeuna ka imah urang,  
tapi aing menta cicing,  
dina luhur para,  
lampahna sakilat balik,  
ujang Barahma,  
ambu Abdul mawah-miwih.

Sabda baginda wah tak akan  
mungkin dapat diterka,  
adapun semangka ini dinda,  
sebab sangat gaib,  
semangka bentuknya besar,  
isinya hanya berbiji tiga buah saja,  
sedangkan yang kecil itu,  
isinya bebbiji tujuh buah.

itulah keajaibannya semangka itu,  
seapakah gerangan yang dapat  
menerkannya,  
jelas sudah bagi Barahma,  
mendengar perkataan itu dari bawah  
ranjang,  
semangkanyapun terlihat,  
berkatalah ia,  
dalam lubuk hatinya.

wahai kulit sekarang mari pulang  
ke rumah,  
tapi aku ingin ditempatkan,  
di dalam para (ruang di atas langit-  
langit rumah),  
sehabis terucapkan iapun telah  
berada dalam para,  
perjalanannya hanya sekilas saja,  
demikianlah Barahma,  
ibu Abdul menangis tak keruan.

Bapa Abdul jeung si Abdul mawa  
damar,  
nyusul Barahma ka cai,  
di teang teu aya,  
Bapa Abdul ngajeroan ,  
si Abdul nya kitu deui,  
imut Barahma,  
pangkur geus aya di bumi.

### *PANGKUR*

Kocapkeun ari isukna,  
jang Barahma jeung si Abdul arin-  
dit,  
ngadeuheus ka sang ratu,  
dongkap ka payuneun raja,  
cedak nyembah Barahma rawuh si  
Abdul,  
ku raja disambat-sambat,  
hiap ka dieu anaking.

kumaha dawuhan raja,  
enggeus aya taksiran mun isuk indit,  
jang Barahma nyembah matur,  
sumuhun pangesto raja,  
bade jengkar ulah semang galih ratu,  
sanajan ayeuna mangga,  
seja ngiring abdi gusti.

Bapak Abdul sama si Abdul mem-  
bawa lampu,  
menyusul Barahma ke tempat  
mandi,  
dijenguk ternyata ia tidak ada,  
Bapak Abdul memanggil-manggil,  
demikian juga si Abdul,  
Barahma tersenyum saja,  
pangkur ia telah ada dalam rumah,

### *PANGKUR*

Terceritalah keesokan harinya,  
Barahma dan si Abdul berangkat,  
menghadap sri baginda,  
sampailah ke hadapan sang raja,  
menyembahlah Barahma bersama  
si Abdul,  
rajapun menyambutnya,  
mari ke marilah anakku.

Bagaimanakah gerangan, sabda  
sang raja,  
apakah sudah ada perkiraan apabila  
besok berangkat,  
Barahmapun menyembahlah dan  
berkata,  
ya, baginda hamba mendapat kemu-  
liaan paduka,  
jika berniat berangkat tak ragu hati,  
bahkan sekarangpun silahkan saja,  
hamba berniat ikut mengiring ba-  
ginda.

suhur dawuhan sang raja,  
enggal bae ratu nyaur ka papatih,  
eh kang patih hayu atuh,  
geura dangdan wadya balad,  
urang angkat nemonan panyaur ratu,  
maha raja Nusantara,  
geus ngantos sisi basisir.

urang gancangkeun carita,  
wantu parabot enggeus sayagi,  
jol jampana jeung tandu,  
malahan dareksi tea,  
urut tadi mapag salbiyah ti ibu,  
eta geus diteritihan,  
ku sakabeh para istri.

para ponggawa sadaya,  
ketib modin hanteu aya anu kari,  
urang kampung oge hibut,  
sumawon anu diparentah,  
anu kantong hayang pipilneun hayang milu,  
roan pisan di nagara,  
nu kantong nini jeung aki.

Sabda baginda sukurlah,  
langsung saja raja memanggil patih,  
wahai kanda patih, marilah,  
segeralah persiapkan wadya perajurit,  
kita berangkat memenuhi undangan raja,  
maharaja Nusantara,  
yang sudah menunggu di tepi pantai.

Kita percepat saja ceritera ini,  
segala macam perkakas telah tersedia,  
didatangkan tandu dan jampana,  
bahkan keretausungpun,  
bekas menjemput salbiyah ke istana ibunda raja,  
semua sudah dinaiki,  
oleh para istri semua,

Para penggawa semua,  
ketib modin tiada ada tertinggal,  
orang pedesaanpun sibuk,  
apalagi mereka yang bertugas,  
mereka yang tidak mendapat tugas  
pun ingin turut serta,  
kosonglah dalam negeri,  
mereka yang tinggal hanyalah  
nenek-nenek dan kakek-kakek.

geledug dui mariamna,  
kangjeng raja jengkar tunggang  
kuda ngiring,  
diaping ku serdadu,  
kocapkeun bae sumpingna,  
palabuan jejel pinuh ku serdadu,  
panggung mah teu dicarita,  
enggeus sayagi ti tatadi.

saperti di tegallega,  
menak-menak di panggung geus ca-  
larik,  
enggal bae kangjeng ratu,  
miwarang opat ponggawa,  
nyingkir raja Nusantara nu diliwat,  
ponggawa opat geus iang,  
nyelenting nitih sakoci.

kocap dongkap kana kapal,  
katingali sang raja Nusantari,  
yen ponggawa anu cunduk,  
ku raja dihiap-hiap,  
dipariksa nyata piwarangan ratu,  
kangjeng raja suka manah,  
nyaur saja roning galih.

Meriamnya menggelegar,  
sri baginda berangkat berkuda nyir-  
ing  
dikawal oleh prajurit,  
selanjutnya sampailah di tujuan,  
pelabuhan penuh berjejal dengan  
prjurit,  
panggungnya tidak usah disebutkan  
lagi,  
telah tersedia sejak semula.

Bagaikan di Tegallega saja,  
para bangsawan sudah duduk di-  
panggung,  
segeralah sri baginda,  
mengutus empat ponggawa,  
mengundang raja Nusantara di laut,  
keempat ponggawa tersebut per-  
gilah,  
meluncur naik sekoci.

lalu ssampailah di kapal itu,  
terlihat oleh raja Nusantara,  
bahwa ponggawa yang datang,  
oleh raja disambut dengan ramah,  
ditanyai ternyata utusan raja,  
bagindapun bergirang hati,  
berkata dalam hatinya.

peryoga sang Tujung Alam,  
ngangkir aing miwarang jalma  
utami,  
jeung menta tempo saminggu,  
bet karek sapoe pisan,  
enggeus sumping palabuan jejel  
pinuh,  
enggal bae raja jengkar,  
ti kapal nitih sakoci.

pameget sareng istrina,  
sareng putra dicandak nitih sakoci,  
kocap sumping kangjeng ratu,  
eta kana panggung tea,  
sasalaman sang ratu Hayatunupus,  
sami-sami silih kurmat,  
bopati sami bipati.

sami-sami nanda tangan,  
samangka nu dua enggeus sayangi,  
sang ratu Hayatunupus,  
ngandika ka jeang Barahma,  
mangga ujang samangka teh geura  
teguh,  
Barahma nyandak samangka.  
mimitina anu leutik.

Rupanya Tujung Alam bersiaga,  
mengundangku dengan utusannya  
yang utama,  
padahal ia minta waktu seminggu,  
ternyata baru sehari saja,  
sudah datang dan pelabuhan jejel  
penuh,  
secepatnya bagindapun berangkat,  
dari kapal itu naik sekoci.

Suami dan istrinya,  
beserta putranya dibawa naik  
sekoci,  
maka sampailah sang raja,  
datang di panggung itu,  
sang raja Hayatunupuspun bersala-  
man,  
sama-sama saling menghormat,  
raja dengan raja sama martabat.

Sama-sama mennada tangan,  
semangka yang dua buah telah ter-  
siapkan,  
sang raja Hayatunupus,  
berkata kepada Barahma,  
coba buyung terka semangka itu,  
Barahma mengambil semangka itu.  
mula-mulanya yang kecil.

Bari ngadeg jang Barahma,  
ngucap bedas supaya nu tebih  
nguping,  
eta sadaya anu kumpul,  
kaula ieu saksi,an,  
jadi wakil sang ratu Hayatunopus,  
rek norah ieu samangka,  
eusina teh tujuh siki.

Barang dibuka ku raja,  
geus tetela eusina ngan tujuh siki,  
surak kabeh balad mi tujuh,  
si Abdul engklak-engklakan,  
nyandak deui jang Barahma bari  
nyaur,  
ieu nu gede samangka,  
eusina teh tilu siki.

tuluy dibuka ku raja,  
geus tetela eusina ngan tilu,  
ger deui surak ngageruh,  
raja Nusantara nyembah,  
geus tarima kabawah ku ratu nopus,  
anyeuna kang raka pasrah,  
sareng nu salawe nagri.

Sambil berdiri dengan Barahma,  
bersabda kera agar yang jaupun  
mendengarnya,  
wahai semua yang hadir berkum-  
pul,  
saksikanlah hamba ini,  
mewakili sri baginda Hayatunopus,  
akan menerka semangak ini,  
isinya yang terkandung berjumlah  
tujuh biji.

Ketika dibuka oleh raja,  
jelaslah sudah isinya hanya tujuh  
biji saja,  
bersorak sorailah prajurit Tujung  
Alam,  
si Abdul berjingkrak-jingkrak,  
Barahma mengambil lagi sambil  
berkata,  
ini semangka yang besar,  
isinya tiga biji saj,  
sorak soraipun gemuruhlah,  
raja Nusantara lalu menyembah,  
menerima di bawah kedaulatan raja  
Nopus,  
kini kanda pasrah saja,  
dengan keduapuluhlima negara  
bawahan.

dawuh ratu Tujung Alam,  
nuhun rebu tatapi panuhun rayi,  
sakalian raka perbu,  
ayeuna teh kedah jengkar,  
ka nagari ieu putri anu tilu,  
aya papacanganna,  
enya ieu putra rayi.

Gentra sari gan Barahma,  
nui katilunya ieu Ngabdullah katib,  
raja Nusantara nyaur,  
nuhun rebu bungah laksa,  
mangga atuh ayeuna mah lamun  
kitu,  
rendengankeun sakalian,  
ambéh hanteu samar deui.

#### *KASMARAN*

Kocap ti dinya morulih,  
ka nagara Tujung Alam,  
caturkeun geus sumping bae,  
kangjeng raja geus nimbangan,  
ka patih geura sadia,  
urus-urus mucuk-mucuk,  
di paseban tatabeuhan.

Sabda raja Tujung Alam,  
beribu terimakasih namun adinda  
mohon,  
sekalian saja kanda perabu,  
sekarang hendaknya berangkat,  
kembali ke negara dan putri yang  
tiga orang,  
ada perjodohannya,  
yaitu putera-putera adinda.

Gentrasari dan Barahma,  
serta yang ketiganya inilah Abdul  
Hatib,  
raja Nusantara menjawab,  
beribu terima kasih bahagian berla-  
ksa,  
baiklah sekarang bila demikian,  
sekalian saja mereka tikhakan,  
agar tiada aka samar lagi.

#### *KASMARAN*

selanjutnya mereka pulang kembali,  
ke ibu kota Tujung Alam,  
dan merekapun tibalah sudah,  
sri bagindapun bertitah,  
kepada patih untuk segera bersiap-  
siap,  
mengurus hiasan dedaunan,  
dan tetabuhan di paseban (balai  
penghadapan).

suratan ka distrik-distrik,  
eujeung nu salawe raja,  
eta kudu kumpul kabeh,  
raden patih cedak nyembah,  
mun sumangga satibmalan,  
raden patih enggeus mundur,  
ngemban satimbangan raja.

pinterna nu jadi patih,  
gancangna ieu carita,  
enggeus kumpul ti antero,  
pesta rame di Nagara,  
rendengan putri jeung putra,  
catur lamina saminggu,  
geus marulih para raja.

Nu kantun urang piwarti,  
Abdul rawuh jeung Barahma,  
nu apyar oleng panganten,  
si Abdul rawuh jeung Barahma,  
teu daek pisan papisah,  
saimah bac sakumbuh,  
badami Abdul Barahma.

Kirimkan surat ke kewedanan-  
kewe-danan,  
dan keduapuluh lima raja,  
mereka hendaknya berkumpul  
semua,  
patih segera menyembah,  
baiklah segala titah hamba la-  
ksanakan,  
patihpun telah undur dari hadapan  
raja,  
untuk melaksanakan titah raja,

Dengan kemampuannya patih ini,  
maka cepatnya ceritera,  
berkumpullah sudah dari semua  
penjur,  
pestaupun ramai di negara itu,  
pernikahan puteri-puteri dengan  
putera-putera,  
diberitakan lamanya berlangsung  
seminggu,  
seusainya pulanglah para raja.

Mereka yang tinggal mari kita ceri-  
terakan,  
Abdul bersama Barahma,  
pengantin baru yang sdang berbu-  
lan madu,  
Abdul bersama Barahma,  
mereka tiada mau berpisah,  
hidup serumah saja,  
Abdul Barahma berunding,

Ujang Barahma ngalahir,  
rayi kumaha petana,  
akang tacan genap hate,  
bener urang teh geus mulaya,  
bajo putri duit loba,  
oraokaya lamun ratu,  
mendakan deui kasusah.

nu dipenta urang misti,  
toh sakitu susah akagn,  
si Abdul gancang ngawalon,  
ayeuna kieu akalna,  
sangkana putus perkata,  
ulah jadi tkang nujum,  
urang duruk imah.

Heg engke teh urang ceurik,  
gogoleran lolongseran,  
mun ku ratu diparios,  
mimawi ceurik tea mah,  
teu aya lian sababna,  
kitab panujuman lapur,  
tah kitu carita urang.

Barahma berbicara,  
adikku bagaimanakah gerangan,  
kanda masih belum tenang hati,  
memang benar kita ini telah mulia,  
istri kita puteri dan uangpun ban-  
yak,  
namun seandainya raja kita,  
memperoleh lagi kesusahan.  
tentu yang diminta bantuan adalah  
kita,  
nah demikianlah yang menjadi  
kesusahan kanda,  
Abdulpun segera menjawabnya,  
sekarang beginilah akalinya,  
agar perkara itu berakhir sudah,  
tidak lagi menjadi tukang nujum  
saja,  
kita bakar saja rumah ini.

lalu kita menangis bingung,  
tergolek-golek tersedu,  
dan bila raja bertanya,  
sebab-sebab menangis,  
tiada lain adalah penyebab besar,  
kita penujuman lenyap,  
nah demikianlah ujar kita kepada  
raja.

Ceuk Barahma bener rayi,  
pek bae peuting engke mah,  
caturkeun geus peuting bae,  
wanci subuh dua belas,  
kahuruan ngadak-ngadak,  
si Abdul pangulung-gulung,  
duaan jeung jang Barahma,

putri mah hanteu ditolih,  
engges dirawat ku raja,  
si Abdul mah ceurik bae,  
si peuting datang ka beurang,  
duaan jeung jang Barahma,  
sumping bajuna geus cipruk,  
cipruk soteh dibaseuhan.

disaur ku kangjeng gusti,  
Abdul rawuh jeung Barahma,  
tapi ting aringkah bac,  
dawuhannana sang raja,  
naha bet ka nyenyerian,  
pedak mah geus kaduruk,  
tuh itu gedong eusian.

lalu kata Barahma benar adikku,  
baiklah nanti malam saja,  
maka malampun tibalah,  
kira-kira jam duabelas menuju  
dinihari,  
mendadak kebakaran,  
si Abdul bergumul kebingungan,  
berdua bersama Barahma.

istri-istrinya seolah-olah tidak  
dihiraukannya,  
setelah diuruskan oleh raja,  
Abdul masih saja menangis,  
dari malam hingga petang,  
berdua bersama Barahma,  
kain dan baju mereka telah basah  
kuyup,  
basah kuyup karena sengaja diba-  
sahi,

Abdul bersama Barahma,  
maka dipanggillah oleh raja,  
mereka masih terisak-isak juga,  
sabda sri baginda raja,  
mengapakah gerangan tangis sedih  
berkelanjutan apakah rumah telah  
terbakar,  
isilah segera gedung itu.

ulah puke leutik ati,  
Abdul Barahma nyarembah,  
sim abdi mah ceurik sotek,  
eta kitab panujunan,  
kaduruk teu katulungan,  
dawuhanana sang ratu,  
keun bae geus kaduruk mah.

tuluy ti dinya jeng gusti,  
ka si Abdul ngalelehan,  
dawuhanan sang katong,  
eti Abdul kami rek nanya,  
bapa sikang teh saha,  
gancang ngajawab si Abdul ,  
sumuhun pariksa raja,

ngaranna mah duka teuing,  
ngan ngupingkeun nu nyarebat,  
bapa Abdul geus kasohor,  
ngandika deui sang raja,  
ari ieu jang Barahma,  
anak saha anu saestu,  
si Abdul pok ngawalohan.

Jangan dibuat kecil hati,  
Abdul bersama Barahma menyem-  
bah,  
sabab musabab sebenarnya kami  
menangis,  
adalah lenyapnya kitap penujunan,  
terbakar tiada terselamatkan,  
maka sabda baginda,  
apa hendak dikata biar saja yang  
sudah terbakar,

Selanjutnya timbul penasaran raja,  
kepada si Abdul menyelidik,  
sabda sri baginda,  
Abdul aku ingin bertanya padamu,  
siapakah gerangan bapakmu yang  
sebenarnya,  
segera Abdulpun menjawab,  
sebenarnyalah sebagaimana per-  
tanyaan baginda.

Nama ayah hambapun tiada menge-  
tahuinya,  
hanya mendengar orang yang  
menyebutnya saja,  
terkenalnya adlah Bapak Abdul saja,  
bagindapun bertanya lagi,  
dan ini Barahma juga,  
sebenarnya anaksiapa.

segeralah Abdul menjawab,  
ieu anak bapa abdi,  
abdi teh ka dieu kakang,  
naha dawuhan raja teh,  
ujang Barahma cikalna,  
teu hatela pa Barahma,  
kumaha nu matak kitu,  
kami mah hiran kacida,

si Abdul ngawalon deui,  
duha kitu kieu na mah,  
sim abdi mah hanteu nyaho,  
tuluy sang raja miwarang,  
upas bapa Abdul teang,  
upas leumpang buru-buru,  
ka imah pa Abdul datang.

pa Abdul embu abdul indit,  
kairing pisan ku opas,  
dongkap ka payun sang katong,  
dipariksa ku sang raja,  
pa Abdul matak diala,  
kami rek nanya saestu,  
ari Abdul jeung Barahma,

Dia adalah anak bapa hamba, juga  
kepadanyalah saya berkakak,  
sabda raja mengapa demikian,  
mengapa Barahma adalah anak  
sulung,  
jadi mengapa bapakmu tidak terso-  
hor dengan sebutan bapak Barahma,  
mengapa demikian tidak se-  
bagaimnan lazimnya,  
aku merasa sangat heran.

si Abdul menjawab lagi,  
hamba tidak tahu tentang seluk be-  
luknya,  
hamba ini benar-benar tidak tahu,  
selanjutnya baginda bertitah,  
menyuruh opas memanggil bapak  
Abdul,  
opas berangkat bergegas,  
sampailah ke rumah bapak abdul.

Bapak Abdul bersama ibu Abdul  
berangkatlah,  
berangkat sekalian teriringkan oleh  
opas,  
sampailah di hadapan sang raja,  
mereka ditanyai oleh sang raja,  
adapun sebabnya bapak Abdul  
kupanggil,  
aku ingin menanyakan sesuatu yang  
sebenarnya,  
yakni tentang Abdul dan Barahma,

anak saha anu sayakti,  
bapa Abdul cedak nyembah,  
anak jisim abdi yaktos,  
ujang Barahma cikalna,  
pun Abdul ieu adina,  
naha dawuhan sang ratu,  
bet katelah ku adina.

ku kami hanteu kaharti,  
luang rumahna jelema,  
kucikal ka telah ma teh,  
ari silaing kumaha,  
nu matak kitu petana,  
bapa Abdul nyembah matur,  
sumuhun kieu yaktosna.

sim abdi keur nuceun bali,  
balina pun abdul tea,  
ari datang ka jalan teh,  
nguping anu ngowa ngowa,  
dina rumpon jukut bala,  
ditingal bet orak estu,  
sarta geus puput paseur.

Mereka sebenarnya anak siapa,  
bapak Abdul segera menghtur  
sembah,  
mereka anak hamba yang sebe-  
narnya,  
Barahma adalah anak yang sulung,  
sedangkan Abdul adiknya,  
mengapa demikian tanya sang raja,  
mengapa engkau terkenal dengan  
sebutan adiknya.

Aku tiada mengerti,  
kelaziman atau kebiasaan orang di  
sini,  
terkenal dengan sebutan nama anak  
sulung,  
tetapi engkau mengapa,  
mengapa sampai demikian,  
bapak Abdul menyembah sambil  
berkata,  
adapun hal yang sebenarnya dalah  
begini.

Ketika hamba bermaksud mem-  
buang bali tembuni,  
tembuni Abdul di kala ia masih  
bayi,  
dalam perjalanan hamba,  
mendengar suara tangisan bayi,  
pada rumpun rumput yang lebat  
tebal,  
ketika dilihat ternyata bayi,  
ketika dilihat ternyata bayi,  
dan tali ari-ari pusarnya pun telah  
puput.

gancang dirawu ku abdi,  
buktina nya jang Barahma,  
eta kitu nu sayaktosna,  
kangjeng raja ngadawuhan,  
ka rayi siti Salbiyah,  
dawuhan sang ratu coba nyai masing awas.

ieu palangsiang teuing,  
jang Barahma anak urang,  
Siti Salbiyah ngawalon,  
sumuhun dawuhan raja,  
mun estu putra gamparan,  
aya tawisna dipungkurm  
tanda wisnu kasebutna.

enggal bae kangjeng gusti,  
ngadika ka jang Barahma,  
seg mungkur ka dieu ujang ,  
ujang raksukan dibuka,  
sarta jang Barahma mungkur,  
di tingal ku kangjeng raja,  
geubrug dirangkul ku raja.

Lalu segera hamba pangku,  
bayi itu tidak lain adalah Barahma,  
nah demikianlah yang sebenarnya,  
sri baginda maka bersabdalah,  
kepada istrinya yakni Siti Salbiyah,  
ujar sang raja coba dinda perhatikan baik-baik.

Barangkali kemungkinan besar,  
Barahma itulah anak kita,  
Siti Salbiyah menjawab,  
sebagaimnan sabda paduka,  
jika scandainya ia putra paduka,  
ada tandanya dipunggunya,  
yang disebutnya tanda wisnu.

Dengan segera baginda pun,  
berkata kepada Barahma,  
coba balikkan punggungmu ke mari buyung,  
buyung bukalah bajumu,  
dan Barahma pun membalikkkan punggung,  
diamati oleh sri baginda,  
langsung dirangkul oleh sri baginda.

aya tanda wisnu sidik,  
gabrug digabrug ku raja,  
aduh anak ama raden,  
ku Salbiyah ditangisan,  
ibu hanteu nyana pisan,  
guning ujang putra ibu,  
nu anom neumbe ka pendak.

### *SINOM*

Pa Abdul colohok ningal,  
nu abdi nyakitu deui,  
ceuk si Abdul ka bapana,  
abah-abah tenyo kuring,  
sing awas abah ka kuring,  
si Abdul jeung muka baju,  
tuluy nu kang ka bapana,  
pokna aya tanda tanda kuring,  
ceuk bapana aya pisan tanda bodas.

dowuhanana sang raja,  
pa Abdul ayeuna musti,  
kami teh kudu ngajajar,  
rekna ngukut anak kami,  
ayeuna tong balik deui,  
maneh teh ka Cibaduyut,  
tuh gedong geura eusian,  
ngarendeng jeng anak kami,  
dahar make saumur maneh mo  
susah.

Ternyata terdapat tanda wisnu  
dengan jelas,  
langsung saja dipeluknya oleh raja,  
aduhai engkau anaku,  
Salbiyahpun menangisnya,  
ibu tiada menyangka sama sekali,  
bahwa engkau adlah puteraku,  
pemuda ini baru diketemukan.

### *SINOM*

Bapak Abdul menyaksikannya  
terbengong-bengong,  
apakah saya begitu juga,  
kata si Abdul kepada bapaknya,  
bapak coba lihat punggungku,  
bapak harus telitu melihat  
punggungku,  
kata si Abdul lagi sambil membuka  
baju,  
lalu membalik diri memperlihatkan  
punggung kepada bapaknya,  
apakah ada tanda pada diriku,  
bapaknya menjawab jelas ada yakni  
tanda putih panu.

Kemudian selanjutnya sang raja ber-  
sabda,  
bapak Abdul sekarang sudah sela-  
yaknya,  
aku harus memberi hadiah kepad-  
amu,  
karena engkaulah yang memelihara  
anak kami,  
sekarang jangan kembali lagi,  
engkau tak usah pulang ke Cib-  
aduyut,  
gedung sebelah sana silahkan isi  
saja,  
berdampingan dengan anak kami,  
makan dan minum selama hidupmu  
tidak akan susah.

Bapa Abdul geus merenah,  
jeung anak nyakitu deui,  
enggeus tetep di Nagara,  
sasama taya nu wani,  
taya nu wani carigih,  
malah urang Cibaduyut,  
anu tadina sok ngunghak,  
ayeuna mah ana panggih,  
jeung pa Abdul nyebutna oge juragan.

juragan sepu nyebutna,  
ari si Abdul teh panggih,  
eta jeung batur baturna,  
batur ulin Abdul tadi,  
di alun-alun papanggih,  
pokna teh euleuh si Abdul,  
si Abdul molotot nyentak,  
pokna teu adab teuing,  
na dipajeg mun nyebut anom ka kuring.

Batur ulina opatan,  
pokna punten anom kuring,  
nyebut Abdul kepokoan,  
si Abdul ngawalon seuri,  
dimaaf ngan ulah deui,  
ulah deui nyebut Abdul,  
tah kop duit keur jarajan,  
saperak ewang dibagi.

Pendek ceritera bapak abdul telah menetap,  
dan anaknyapun demikian juga,  
sudah berdiam tetap di ibukota,  
orang-orang sesamanya tiada berani,  
tidak seorangpun berani berolok-olok,  
bahkan orang Cibaduyutpun,  
yang tadinya acapkali menghinanya,  
kini apabila bertemu,  
sekalinya berpapasan dengan pak Abdul menyebutnyapun juragan.

Mereka menyebutnya juragan sepuh,  
adapun si Abdul apabila bersua,  
yakni bertemu dengan terman-temannya,  
sahabat-sahaban sepermainannya dahulu,  
yang dahulu biasanya bertemu di alun-alun,  
dengan menyapanya wahai si Abdul membelalak membentak,  
hai mengapa anda tidak sopan amat padaku,  
apakah anda kena pajak apabila menyebut anom kepadaku.

Empat orang teman sepermainannya,  
mereka menjawab maaf kami awam,  
menyebut Abdul karena lupa,  
dengan tertawa kocak Abdulpun menjawab,  
kumaafkan hanya jangan sekali lagi,  
jangan lancang lagi menyebut Abdul ya!

enggeus tamat tanda ieu anu ngarang.

aya jalma genep belas,  
nagtung sadayana sami,  
anu kiji sataranjang,  
hanteu make baju samping,  
datang genep belas deui,  
sami nyakitu bulucun,  
cacahan tukang ngabegal,  
jalma genepan mati,  
dipaehan ku nu genep belas tea.

jol deui datang saurang,  
salamet teu keuna pati,  
bubuhan ana walanda,  
kacirina make topi,  
anu dalapan walgri,  
ngan make hateu sanyamu,  
tah kjiitu tanda nu ngarang,  
tapi jadi tukang beusi,  
bengkel eta es matuh. di Suniaraja

nah ini uang ambillah olehkalian  
untuk jajan,  
bai-bagilah masing-masing se-  
perak,

Tamatlah sudah ceritera ini, penga-  
rangnya berciri teka-teki.

Teka tekinya adalah ada orang  
enambelas,  
berdiri semuanya sama,  
yang satu bertelanjang,  
tidak memakai baju samping,  
datanglah enambelas lagi,  
sama semua bulucun (tak ber-  
pakaian)  
walaupun tukang ngabegal (peram-  
pok)  
orang yang berenam telah mati,  
terbunuh oleh yang enam belas.

datang lagi seorang,  
selamat tidak mengalami mati,  
adapun anak Belanda,  
berciri memakai topi,  
yang delapan sehat seperti bihari,  
hanya pakaiannya tiada serambut-  
pun,  
nah demikianlah tanda pengarang,  
namun menjadi tukang besi,  
bengkel es-es matuh di Suniyaraja.

## KEPUSTAKAAN

1. Ayip Rosidi, Kesusasteraan Sunda Dewasa ini, Cirebon 1966
2. Akep Prawirasoeganda, Upacara Adat di Pasundan, P, Ganaco, Bandung, 1960
3. Atmamihanrdja, Drs. Sejarah Sunda, Ganaco, Bandung.
4. Coolsma, S, Hollandsch-Soendaneesch Woordenboek, A.W. Sijthoff's Uitgevers Maatschappij, Leiden, 1910.
5. Ekajati Edi S. Dr. Masyarakat Sunda dan Kebudayaanannya, Giri Mukti Pasaka, jakarta, 1984.
6. Lezer, L. A., Soendasch Woordenboek, Boekenverzendhuis L.A. Lezer, Bandoeng, 1931.
7. Satjadibrata, R. Kamus Basa Sunda, Cetakan ke-2, Perpustakaan Perguruan Kementerian P.P. dan K. Jakarta, 1985.
8. Syarif Amin, Di Lembur Kuring, Ganaco N.V., Bandung 1964.

SITI SALBIAH

Perpustakaan  
Jenderal K

81  
S  
s